



N AP VOYE YON DOKIMAN FISKAL ENPÒTAN BA OU

Oumenm oswa yon manm fami w te gen èd pou peye aspirans sante an 2018 e w bezwen fòmilè sa a pou deklarasyon revni federal ou

Oumenm oswa yon manm fanmi te gen èd pou peye pou plan sante ou te achte atravè NY State of Health ane pase. Èd finansye sa a te vini sou fòm kredi fiskal yo te bay "anvan" deklarasyon revni — ki se, *lèw te enskri nan plansante w la*. Kidonk, IRS mande w pou ranpli Fòmilè 8962 IRS la ansanm avèk deklarasyon revni federal ou pou regle kont fiskal pou 2018 la. Ou ka jwenn Fòmilè 8962 a sou www.irs.gov epi w ap itilize Fòmilè 1095-A ki nan anvlop la pou ranpli l.

**ÈD LA TE
BAZE SOU
REVNI W** Montan kredi enpo sou prim davansou a te baze sou estimasyonrevnifanmi wak enfòmasyon ki te disponib lè w te enskri a. Lè w ranpli Fòmilè 8962 IRS la, kredi enpo sou prim final ou a pral baze sou revni reyèl ou ak pri dezyèm plan ajan ki pi ba nan konte kote w ap viv la.

Si kredi enpo sou prim final ou nan Fòmilè 8962 IRS la pi piti pase kredi enpo sou prim davans ou, ou ka gen pou remèt yon pati nan kredi enpo a sou fòm taks ki pi wo yo oswa pi piti ranbousman an.

Si kredi enpo sou prim final ou an nan Fòmilè 8962 a plis pase kredi enpo sou prim davans ou a, ou ka jwenn plis èd finansye sou fòm yon ranbousman ki pi gwo oswa yon rediksyon taks.

LI ENPÒTAN POU W KONNEN

POUKISA WKAPAB GEN LÒT FÒMILE Ou pral jwenn yon Fòmilè 1095-A pou chak plan sante Bwonz, Ajan, Lò oswa Platnyom ou menm oswa yon manm fanmi w te enskri ladan l pandan ane 2018 la. Oupral jwenn plis pase yon Fòmilè 1095-A si w te fè chanjman nan kouvèti Sante Eta New York ou a pandan ane 2018 la. Yo pa voye Fòmilè 1095-A an pou plan Katastwòf oswa Medicaid, Sante Plis pou Timoun (Child Health Plus), oswa Plan Esansyèl la (the Essential Plan) paske plan sa yo pa elijib pou kredi enpo.

Anplis Fòmilè 1095-A an, li posib pou w genyen lòt fòmilè taks ki enpòtan. Sa yo se **Fòmilè 1095-B ak 1095-C.**

**POUKISA
WKAPAB
GEN LÒT
FÒMILÈ**
Swit

Si ou menm oswa yon manm fanmi w te enskri nan Medicaid, Child Health Plus, oswa Essential Plan nan New York yon lè nan ane 2018 la , ou pral resevwa Fòmilè 1095-B nan men Eta New York. Si w te enskri nan lòt tip kouvèti – tankou yon plan Katastwòf, Pati A oswa C Medicare,TRICARE, benefis nan Depatman Afè Veteran yo, oswa yon asirans sante anplwayè sponsorize– ou pral resevwa Fòmilè 1095-B oswa Fòmilè 1095-C nan men lòt sous. NY State of Health sèlman bay Fòmilè 1095-A e li pa bay Fòmilè 1095-B oswa Fòmilè 1095-C.

**KÒMAN
POU W
JWENN ÈD**

Si w panse w te fè yon erè nan Fòmilè 1095-A w la, rele NY State of Health **pi vit posib nan 1-855-766-7860** pou nou ka korije dosye a.

Si w gen kesyon konsènan Fòmilè 1095-A oswa kredi enpo,
vizite <http://info.nystateofhealth.ny.gov/TaxCredits>, rele NY State of Health nan 1-855-766-7860, oswa **rele Asistans pa telefòn Community Health Advocates nan 1-888-614-5400**.

Si w gen kesyon konsènan fòmilè taks 1095-B oswa 1095-C ou ka te resevwa, rele nan nimewo ki nan fòmilè sa yo.

Si w gen kesyon konsènan Fòmilè 8962 a oswa lòt kesyon ki anrapò avèk taks, vizite **www.irs.gov**.

AVI SOU POLITIK SAN DISKRIMINASYON

NY State of Health respekte lwa federal sou dwa sivil yo e li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasional, sèks, laj oswa andikap nan pwogram ak aktivite sante l yo.

NY State of Health respekte lwa eta ki aplikab yo e li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasional, kwayans/relijyon, sèks, sitiyasyon matrimonyal/familyal, andikap, dosye arrestasyon, kondanasyon pou krim, identifikasiyon sèks, oryantasyon seksyèl, karakteristik jenetik predispoze, estati militè, sitiyasyon viktim vyolans domestik ak/oswa vanjans.

NY State of Health:

Bay moun ki andikape asistans ak sèvis gratis pou kominike avèk nou kòm sa dwa, tankou:

- TTY (Aparèy Telekomunikasyon pou Moun Soud) atravè Sèvis Relè NY (NY Relay Service)
- Enfòmasyon ekri nan lòt fòma tankou gwo karaktè, odyo, fòma elektwonik ki aksesib ak lòt fòma yo

Bay moun anglè pa lang matènèl yo sèvis asistans lengwistik tankou:

- Entèprèt kalifye
- Enfòmasyon ekri nan lòt lang

Si w bezwen sèvis sa yo oswa plis enfòmasyon, kontakte 1-855-355-5777 (TTY 1-800-662-1220).

Si w kwè NY State of Health te fè diskriminasyon ou ka pote plent sou:

http://www.health.ny.gov/regulations/discrimination_complaints/ oswa, rele 518-473-1703 or 518-473-7883.

Ou ka pote yon plent dwa sivil bay Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken, Biwo Dwa Sivil elektwonikman sou <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf> oswa pa lapòs oswa rele Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken, 200 Independence Avenue, SW, Room 509F, HHH Building, Washington, D.C. 20201; 800-368-1019 (TTY 800-537-7697). Fòmilè plent yo disponib sou hhs.gov/ocr/office/file/index.html.